

## **UNDHA-USUKING BASA SLARAS KARO UNGGAH-UNGGUHING BASA**

Karipta dening :

Dedy F. Hendrawan, S.S.

(Guru Basa Jawa SMP Negeri 1 Ponorogo)

Rasa seneng ngormati utawa ngajeni wong liya kuwi sejatine dadi kodrat tumrap kabeh manungsa. Mula kabeh basa ing ngalam donya kuwi sakjan-jane nduweni unggah-ungguh basa. Senadyanta mangkono ora kabeh basa nduweni undha-usuk basa kaya dene ing basa Jawa. **Undha-usuking basa** yaiku tataraning basa Jawa manut penganggone, wondene **unggah-ungguhing basa** iku panataning basa miturut lungguhing tatakrama (tatakrama anggone nggunakake basa Jawa). Tujuwan nggunakake unggah-ungguh basa yaiku kanggo ngajeni awake dhewe lan ngajeni wong-wong sing pancen kudu diajani. Sejatine unggah-ungguh basa Jawa iku yen disinaoni kanthi njlimet akeh banget perangane, ing jaman mbiyen perangane kayata :

### 1. Ngoko :

- a. Ngoko lugu
- b. Ngoko alus :
  - 1) Antya basa
  - 2) Basa antya

### 2. Madya :

- a. Madya ngoko
- b. Madyantara
- c. Madyakrama

### 3. Krama :

- a. Mudha krama
- b. Kramantara
- c. Wredha krama
- d. Krama desa
- e. Krama inggil

### 4. Kedhaton

Amarga saka owah-gingsiring jaman (perubahan jaman) lan kanggo nggampangake para siswa anggone nyinaoni basa Jawa, ing jaman saiki undha-usuking basa Jawa iku kaperang dadi 2 (loro), yaiku :

1. Ngoko :
  - a. Ngoko lugu
  - b. Ngoko alus
2. Krama :
  - a. Krama lugu
  - b. Krama alus (inggil)

## 1. Ngoko Lugu

Basane ngoko kabeh, ora dicampuri tetembungan krama.

Penganggone basa ngoko lugu :

- Kanca padha kanca sing wis akrab.
- Wong sing drajade luwih dhuwur marang wong sing drajade luwih endhek.
- Kanggo situasi resmi sing pancen perlu ngoko (umpamane tulisan ing majalah apa buku).

Tuladhane :

- 1) Dhuwite mau digawa apa durung ya karo mas Wardo?
- 2) Kowe kuwi yen diwenehi apa-apa kok mesthi ora gelem kuwi, piye ta?
- 3) Aja mongkog ing pambong, aja nglokro ing panyendhu.

## 2. Ngoko Alus

- Basane ngoko dicampuri krama inggil.
- Basa krama sing digunakake kanggo aweh pakurmatan marang mitra wicara.
- Tembung sing perlu dikramakake yaiku : wonge, panindake lan barang kaduwekane.
- Ater-ater lan panambang ora dikramakake.

Penganggone ngoko alus :

- Kanca raket nanging padha ngajeni (umpamane wong pangkat marang wong pangkat).
- Wong tuwa utawa sing luwih dhuwur drajade marang wong enom, nanging wis akrab banget.
- Yen lagi ngrembug wong liya sing dajeni banget.
- Wong wadon marang bojone (yen nggunakake basa ngoko).
- Tulisan ing majalah kanggo ngajeni wong sing maca.

Tuladhane :

- 1) Dhuwite mau wis **diasta** apa durung ta, mas Wardo?
- 2) **Panjenengan** mau arep **diparingi** kok ora **kersa**, geneya ta?
- 3) **Eyangku** isih durung bisa **kondur** saiki jalaran isih **tindak** pasar.
- 4) **Panjenengan** kok ora **dhahar** dhisik ta Pak, saiki wis jam pitu lo!
- 5) Matur nuwun marang sapa wae sing wis **kersa paring** panyaruwe.

## 3. Krama Lugu

- Basane awujud krama lugu, ora dicampuri krama inggil apadene ngoko.
- Basa iki watake ngajeni marang sing diajak guneman nanging kurang alus.
- Ater-ater lan panambang kudu dikramakake.



Penganggone basa krama lugu :

- Wong sing sadrajad nanging padha dhene ngajeni.
- Wong biasa sing durung nate tepung utawa durung akrab.
- Ing swasana resmi (upamane lagi macakake rantaman adicara).

Tuladhane :

- Sampeyan wau** sampun **mbeta napa** kemawon?
- Sampeyan** malah sampun **angsal**, sinten ingkang **nyukani**?
- Acara salajengipun inggih punika donga pamuji.

#### 4. Krama Alus

- Basane luwih alus lan ngajeni banget, wujud basa krama kacampuran krama inggil.
- Tembung sing perlu dikramakake yaiku : wonge, panindake lan barang kaduwekane.
- Awake dhewe (utama purusa) ora kena dikramakake inggil.

Penganggone basa krama inggil :

- Wong sadrajad utawa padha pangkate, kang padha ngajen-ingajeni banget ing antarane sisji lan sijine.
- Marang wong sing luwih dhuwur drajade (anak marang wong tuwa, murid marang guru, abdi marang bendarane lan sapanunggalane).
- Wong luhur kang durung nate tepung lan durung akrab.

Tuladhane :

- Pak, panjenengan mangke menapa tamtu tindak dhateng kantor?
- Bilih wonten dhanganing penggalih panjenengan kula aturi rawuh!
- Panjenengan ta ingkang asma Pak Damiyo punika?

Kanggo luwih gampang mbeda-bedakake ing antarane tataran undha-usuking basa mau, coba gatekna katrangan ing ngisor iki :

Ngoko Lugu	Ngoko Alus	Krama Lugu	Krama Alus
Aku arep lunga menyang <b><u>omahmu</u></b>	Aku arep lunga menyang <b><u>dalem panjenengan</u></b>	Kula badhe kesah dhateng <b><u>griya sampeyan</u></b>	Kula badhe kesah dhateng <b><u>dalem panjenengan</u></b>